

REPUBLIQUE DU BURUNDI



PRESIDENCE DE LA REPUBLIQUE
Secrétariat Général de l'Etat

ITANGAZO RY'INAMA Y'ABASHIKIRANGANJI N°07 YO KU WA GATATU IGENEKEREZO RYA 20 NDAMUKIZA 2022

Inama y'Abashikiranganji yarakoranye kuri uyu wa Gatatu igenekerezo rya 20 Ndamukiza 2022, i Bujumbura, irongowe na Nyenicubahiro Umukuru w'Igihugu, Jenerari Majoro Varisito NDAYISHIMIYE.

Nyenicubahiro Umukuru w'Igihugu ahejeje gushikiriza urutonde rw'ivyihwezwa muri iyo nama, yaciye aha umwanya Nyakwubahwa Umushikiranganji wa Mbere ngo ashikirize ivyavuye mu nama nteguza y'iyi nama nshikiranganji, yarongoye kw'igenekerezo rya 15 Ndamukiza 2022, ivyihwejwe navyo bikaba ari ivyari ku rutonde rw'ivyigwa.

Umushikiranganji wa Mbere ahejeje gushikiriza icegeranyo Nyenicubahiro Umukuru w'Igihugu, ivyihwejwe ni ibi bikurikira:

- 1. Integuro y'amasezerano y'umwumvikano hagati y'ishirahamwe Kenya Investment Authority n'Igisata kijejwe iterambere mu Burundi, yashikirijwe n'Umuyobozi mukuru w'ico gisata gisanzwe gikukira Ibiro vy'Umukuru w'Igihugu**

Aya masezerano y'umwumvikano hagati y'ivyo bisata bibiri arubahiriza ubungane bw'ivyo bisata, ubushake bwavyo, ukutagungana, be n'inyungu z'izo mpande zose.

Ivyo bisata vyipfuzwa gufashanya no gukomeza imigenderanire mu bijanye n'ubutunzi, ubuhinga no gushinga imitahe.

Aya masezerano ashaka kwerekana inzira zokurikizwa mu gufashanya guteza imbere no kworoshya ibijanye no gushinga imitahe muri Kenya no mu Burundi.

Ugushira umukono kuri aya masezerano be n'ishirwa mu ngiro ryayo bizofasha Uburundi na Kenya muri ibi bikurikira:

- Gukomeza imigenderanire mu vy'ubutunzi ;
- Kworosha ishingwa ry'imitahe;
- Guhanahana amakuru ku bijanye n'abipfuzza gushinga imitahe;
- Kwungurana ivyiyumviro mu bijanye no gukwega no kworohereza abanyamitahe ;
- Gukomeza ihanahanwa ry'ibidandazwa n'ibindi bijanye n'ubutunzi no gukomeza ukwizerana mu bijanye n'ishingwa ry'imitahe;
- Gukomeza imigenderanire mu bijanye n'ishingwa ry'imitahe hagati y'Uburundi na Kenya ;

Inama nshikiranganji imaze guca hirya no hino iyo nteguro, **yarayemeje** ica isaba ibi bikurikira :

- Kwandika ayo masezerano no mu rurimi rw'Igifaransa;
- Gushiraho igisata kijejwe kwihweza ibikenerwa muri kazoza, kugirango ntihagire ibibazo bivuka bititeguriwe kubera ibintu bitegekanijwe hakiri kare.

2. Integuro y'itegeko risubiramwo itegeko n°100/045 ryo ku wa 05 Ntwarante 2019 rishinga rikongera rigatunganya umurwi w'igihugu ujejwe gukurikiranira hafi irangurwa ry'imigambi ifashwe mu mugongo n'abafanshanya n'Uburundi biciye mu migenderanire y'ibihugu canke mpuzamakungu

3. Integuro y'itegeko ry'Umushikiranganji wa Mbere risubiramwo itegeko n°120/121/VP1/VP2/04 ryo ku wa 20 Rusama 2019 rishinga rikongera rigatunganya umurwi w'ubuhinga ujejwe gukurikirana imigambi y'iterambere ifashwe mu mugongo na Repuburika ya Turukiya

Izo nteguro uko ari zibiri zashikirijwe n'umushikiranganji ajejwe imigenderaniye y'Uburundi n'amakungu no gufashanya mw'iterambere.

Isubiramwo ry'ayo mategeko abiri rije kugirango ryisunge uko Reta yubatse ubu nk'uko Ibwirizwa nshingiro risanzwe ribitegekanya.

Ku bijanye n'umurwi w'igihugu ujejwe gukurikiranira hafi irangurwa ry'imigambi ifashwe mu mugongo n'abafanshanya n'Uburundi biciye mu migenderanire y'ibihugu canke mpuzamakungu, uwo murwi wari urongowe n'icegera ca kabiri c'Umukuru w'Igihugu. Ico kibanza naco ubu ntakikihari nk'uko bitegekanywa n'Ibwirizwa nshingiro.

Iyo nteguro ije gusubiramwo iryo tegeko kugirango uwo murwi urongorwe n'Umushikiranganji wa Mbere.

Ku bijanye n'umurwi w'ubuhinga ujejwe gukurikirana imigambi y'iterambere ifashwe mu mugongo na Repuburika ya Turukiya, washizweho n'itegeko ry'Icegera ca Mbere c'Umukuru w'Igihugu n'Icegera ca Kabiri c'Umukuru w'Igihugu. Iyi nteguro ije guhindura iryo tegeko kugirango uwo murwi ushirweho n'itegeko ry'Umushikiranangaji wa Mbere.

Kuri izo nteguro zibiri, hari n'ibindi vyahinyanyuwe ku vyerekeye ubushikiranangaji bugize iyi mirwi, kuko hari bumwe bumwe bwahindutse amazina.

Inama nshikiranangaji imaze kwihweza izo nteguro zibiri, **yashikirije** ibi bikurikira :

- Ingingo ya 1 y'iyi nteguro y'itegeko ry'Umukuru w'Igihugu yohinyanyurwa neza kuko uwo murwi usanzwe uhari, si uwugira ushingwe n'iryo tegeko rishasha;
- Uwo murwi worongorwa n'umushikiranangaji ajejwe imigenderanire y'Uburundi n'amakungu, uwujejwe ikigega ca Reta akaba icegera ciwe, kugirango ibikorwa bikurikiranwe ku rwego rw'ubushikiranangaji ;
- Kubera ko uwo murwi w'igihugu uzoba urongowe ku rwego rw'ubushikiranangaji, itegeko ry'Umushikiranangaji wa Mbere rishinga rikongera rigatunganya umurwi w'ubuhinga ntirizoba rigikenewe kuko uwo murwi wo k'urwego rw'igihugu uzokwicamwo imirwi mito mito bikenewe.

4. Integuro y'ibwirizwa ritunganya ikoreshwa ry'amasoko ntanganguvu n'imishwarara biva mu butare bwa uranium ku buryo bitabangamira ubuzima bw'abantu, yashikirijwe n'umushikiranangaji ajejwe imigenderanire y'Uburundi n'amakungu no gufashanya mw'iterambere.

Uburundi bwinjiye mu Gisata mpuzamakungu kijejwe amasokontanganguvu ava mu butare bwa uranium (Agence Internationale de l'Energie Atomique) mu mwaka w' 2009. Ariko mu mwaka w' 2016 niho hatangura gutegurwa imigambi yerekeye Uburundi haba aha mu gihugu canke mu karere, hakoreshejwe ubuhinga bufatiye kuri ayo masoko ntanganguvu n'iyi mishwarara.

N'imbere y'uko Uburundi bwinjira muri ico Gisata, harakoreshwa imishwarara ico gihe ata wuzi ko ibangamira abayikoresha, abenegihugu n'ibidukikije.

Aya masoko ntanganguvu yakoreshwa kuva ku gihe c'Abakoloni ubu akaba asanzaye mu gihugu. Birakenewe ko yegeranywa akabikwa ahantu hateguwe neza kugira abenegihugu bakingirwe ingaruka mbi zayo.

Imvo zindi zituma hashirwaho iryo bwirizwa mu Burundi, ni izi zikurikira:

- Ibihugu biri mw'ishirahamwe ry'ibihugu vyo muri Afrika y'Ubuseruko vyose birafise iryo bwirizwa kiretse Uburundi.
- Muri iki gihe, Uburundi buri mu rwego rurongoye Igisata Mpuzamukngu kijejwe amasokotanganguvu ava mu butare bwa uranium (Agence Internationale de l'Energie Atomique) kuva mu mwaka w'2021 gushika mu 2023..
- Iryo bwirizwa rizofasha mw'ishirwa mu ngiro ry'umugambi w'igihugu wo kuva 2021 gushika 2026 (Programme Cadre National (« PCN » 2021-2026) watewe ko igikumu n'Igisata mpuzamukngu kijejwe amasoko ntanganguvu ava mu butare bwa uranium (Agence Internationale de l'Energie Atomique) n'Uburundi muri Nyakanga 2021.
- Uburundi bwaremeje amasezerano y'akarere muvuyo gufashanya ku rwego rwa Afrika mu bushakashatsi, iterambere n'inyigisho mu gisata c'ubuhinga ku bijanye na uranium (science et technologie nucléaires). Iri bwirizwa rigiyeho bizotuma ayo mmasezerano ashirwa mu ngiro mu bisata vyose, ni ukuvuga amagara y'abantu, uburimyi, ubworozi, amasoko ntanganguvu, n'ibindi. ;
- Umugambi igihugu gifise wo gushiraho ikigo kijejwe kurwanya ingwara ya kanseri uzoheza ufatwe mu mugongo n'Igisata mpuzamukngu kijejwe amasoko ntanganguvu ava mu butare bwa uranium mu kwigisha abakozi no mu kuronswa ibikoresho.

Inama nshikiranganji yari yarize iyo nteguro isanga hari ibikwiye guhinyanyurwa, ica irayisubiza inyuma, haca hashingwa umurwi woyitosora.

Inama nshikiranganji yihweje iyo nteguro itosoye yashikirijwe, yasanze yahinyanyuwe hisunzwe intumbero yari yatanzwe, ica **irayemeza**.

5. Integuro y'ibwirizwa ryerekana ingene amahera yategekanijwe mu mwaka w'2020 ushira uw'2021 yakoreshejwe, yashikirijwe n'umushikiranganji w'ikigega ca Reta no gutunganya imigambi y'iterambere

Ibwirizwa ryerekana ingene amahera ya Reta yakoreshejwe rikomoka mw'ibwirizwa n° 1/35 ryo ku wa 04 Kigarama 2008 ryerekeye itunganywa ry'amahera ya Reta, aho rivuga ko integuro y'ibwirizwa ryerekana ingene amahera ya Reta yakoreshejwe rishikirizwa inama nshingamateka na Nkenguzamateka mu kiringo c'amezi munani (8), mu mwaka ukurikira uwo yakoreshejwemwo.

Nico gituma ubushikiranganji bujewe ikigega ca Reta bwateguye iyi nteguro yerekeye amahera Reta yakoresheje mu mwaka w'2020 ushira uwa 2021.

Amahera rero yaba ayinjiye canke ayasohotse yisunze ibwirizwa n°1/13 ryo ku wa 15 Rusama 2020 ryashinga amahera Reta yakoresheje mu mwaka w'2020 ushira uw'2021.

Muri rusangi, amahera yinjiye ndetse n'ayasohotse yararenze ayari yarategekaniywe.

Mu mwaka w'2020 ushira uw'2021, uturusho twatanzwe (exonérations) twanganye n'amahera y'amarundi miliyaridi ijana na mirongo itanu n'indwi na miliyoni amajana icenda n'umunani n'ibihumbi amajana indwi na cumi na bitandatu n'ijana na mirongo itatu n'umunani (157 908 716 138),hari hategekaniywe imiliyaridi icumi n'umunani (18 000 000 000).

Uko kurenza ayari yategekaniywe vyavuye ahanini kuri ibi bikurikira:

- Kutamenya mu ntango z'umwaka uturusho twatangwa n'igisata kijejwe guteza imbere ishingwa ry'imitahe (API) ;
- Kutamenya uturusho ubuserukizi bw'ibindi bihugu ngaha mu Burundi bwari bukeneye mu ntango z'umwaka;
- Ibikorwa n'ibikoresho vya Reta vyakenewe mu mwaka hagati;
- Imiti yaguzwe mu mwaka hagati;
- Amashirahamwe ategamiye Reta yaronkejwe uturusho umwaka ugeze hagati.

Inama nshikiranganji imaze kwihweza iyo nteguro, **yarayemeje**, ica isaba ko mu gihe co gutegura amahera azokoreshwa mu mwaka, ico gikorwa cokwitonderwa neza ibizokenerwa bigaharurwa neza kugirango ntihazosabwe uburyo butategekaniywe.

6. Integuro y'umugambi wo kworoshya urudandazwa mu karere k'ibiyaga binini, yashikirijwe n'umushikiranganji w'ikigega ca Reta no gutunganya imigambi y'iterambere

Umugambi w'igihugu w'iterambere urerekana ivyokorwa kugirango igihugu gitere imbere, ugashimikira ku bisata vyoduzura ubutunzi kuruta ibindi.

Nico gituma Reta yiyemeje kuteza imbere igisata co gutwara abantu n'ibintu hakoreshejwe ibiyaga n'ayandi mazi, be no guteza imbere igisata c'ubudandaji.

Mu ntumbero yo gukomeza ico gisata nkenerwa mu guteza imbere ubutunzi bw'igihugu, Uburundi n'abo bafashanya mw'iterambere babwirizwa gushiramwo uburyo bukwiye. Uyu mugambi wo kworoshya urudandazwa mu karere k'ibiyaga binini ni imwe mu nyishu z'ico kibazo.

Uwo mugambi uzofatwa mu mugongo n'Banki y'Isi yose, ukazokurikiranirwa hafi n'ishirahamwe COMESA, ukazoba werekeye Uburundi na Repuburika iharanira demokarasi ya Kongo.

Intumbero yawo ni kworoshya ihanahanwa ry'ibidandazwa, cane cane hagati y'abadandaza batobato be n'abakenyezi bakora uwo mwuga, cane cane ku mbibe z'ivyo bihugu bibiri. Uwo mugambi uzorangurirwa mu bushikiranganji bujewe ubudandaji.

Uburyo buzoronswa Uburundi bungana na miliyoni mirongo icenda z'amadolari y'Abanyamerika.

Inama nshikiranganji imaze guca hirya no hino iyo nteguro, **yarayemeje**, ica isaba ibi bikurikira :

- Gukuramwo ibijanye no gutunganya ukundi inzego (réformes politiques) vyanditswe muri iyi nteguro ;
- Kwishuza ishishirahamwe COMESA amahera Uburundi bwakoresheje mu gutegura inama y'Abakuru b'ibihugu bigize iryo shishirahamwe, yaciye ibera mu kindi gihugu, kandi bitavuye ku Burundi.
- Gucungera neza abarongoye imigambi (projets) kugirango bayirangure mu kiringo categekaniywe, ndetse hagashirwaho n'ibiringo vyo gusuzuma aho umugambi ugeze iyo ukiriko urarangurwa ;
- Mu kugena abarongora iyo migambi (projets), hotorwa ababishoboye koko;
- Gukuraho akamenyero k'uko umuntu arongoye umugambi umenga aca ategerezwa kubandanya n'uwukurikira.

7. Integuro y'umugambi wo gushigikira ubuhinga ngurukanabumenyi mu Burundi, yashikirijwe n'Umushikiranganji wo kumenyeshya amakuru, ubuhinga bwa none bwo gutumatumanako amakuru, n'ibimenyeshamakuru

Akamaro k'ubuhinga bwa none bwo guhanahana amakuru ni ntangere mu bisata vyose vy'ubuzima bw'igihugu.

Muri iki gihe, ihangiro Reta yihaye ni uko Uburundi bwotera imbere muri ubwo buhinga, bugatuma ubutunzi bw'igihugu bwiyongera, kandi hakaba n'amategeko akingira ibirangurwa muri ico gisata.

Ni muri iyo ntumbero Banki y'isi yose yateguye umugambi ufise ihangiro ryo gukomeza ubwo buhinga ngurukanabumenyi mu Burundi.

Uwo mugambi urahambaye kuko uzofasha mu gukwiragiza ubuhinga bwa interenete bunyaruka, cane cane mu gihugu hagati, mu makaminuza, no gufasha

ibisata vya Reta kuronka ubushobozi bwo gutunganiriza abavyitura hakoreshejwe ubwo buhinga bwa none ngurukanabumenyi.

Nkako, ugukwiragiza ubuhinga ngurukanabumenyi mu buzi bwa Reta ntivyoshoboka amakomine yose adakoresha umuhora ngurukanabumenyi unyaruka, badafise n'ivyo bijana nk'amamashini n'ibindi. Kubera kandi indero ari umushinge w'iterambere ry'ubutunzi n'imibano, birakanewe kuronsa amakaminuza muri rusangi, na cane cane ayo mu gihugu hagati ubuhinga ngurukanabumenyi hakoreshejwe umuhora unyaruka.

Ibanki y'isi yose niyo izotanga uburyo bw'imfashanyo bungana na miliyoni mironko umunani (80) z'amadolari y'Abanyamerika, ikazoshobora kandi kurondera n'ayandi agera ku miliyoni cumi n'imwe (11) iyakuye mu bikorera ivyabo, nayo akaba azofasha abakorera mu gisata c'ubuhingana bwa none bwo guhanahana amakuru.

Inama nshikiranganji yari yihweje iyo nteguro, mu vyo yari yashikirije hakaba harimwo ibi bikurikira:

- Kwisunga imigambi Reta ishira imbere ;
- Gukoresha imihora y'ubuhinga ngurukanabumenyi isanzwe iri mu Burundi;
- Gukura muri iyi nteguro amajambo akoreshwa atanga ishusho itari yo ku Burundi be n'ibiharuro bitari vyo;
- Gukura muri iyo nteguro ivyo bategeka Reta kubanza gukora.

Haciye hashingwa umurwi utosora iyo nteguro, igaheza ikagarukanwa mu nama nshikiranganji.

Iyo nteguro itosoye niyo yagarukanwe mu nama nshikiranganji, kugirango isubire kwihwezwa.

Inama nshikiranganji yihweje iyo nteguro yashikirijwe, yarashimye igikorwa cakoze n'uwo murwi, ica **irayemeza**.

8. Integuro y'itegeko ritunganya igisata c'igihugu kijejwe gukingira impunzi n'abadafise ubwenegihugu « ONPRA mu pfunyapfunyo y'ururimi rw'igifaransa», yashikirijwe n'Umushikiranganji ajejwe intwari yo hagati mu gihugu, iterambere rusangi n'umutekano.

Ico gisata gikomoka kw'ibwirizwa n°1/32 ryo ku wa 13 Munyonyo 2008 ritunganya ivyerekeye gutanga ubuhungiro n'ugukingira impunzi mu Burundi. Ariko iryo bwirizwa ntiryatomeye itegeko ritunganya ico gisata iry'ariryo. Caciye gishirwaho n'itegeko nshikiranganji n°530/101 ryo ku wa 29 Nyakanga 2008.

Ibwirizwa n°1/25 ryo ku wa 05 Munyonyo 2021 ritunganya uruja n'uruza ndengambibe mu Burundi niryo ryaje ritomora ko ico gisata gishirwaho n'itegeko ry'Umukuru w'Igihugu.

Iyi nteguho ije rero gushira mu ngiro ibitegekanywa n'iryo bwirizwa.

Kubera ko urugero rw'ibikorwa vy'ico gisata ruvane n'ingene impunzi zinjiye mu Burundi, Ishirahamwe ryitaho impunzi (HCR) naryo rikaba ritanga uburyo bivanye n'ingene impunzi zingana, amasezerano y'akazi ku bakazi b'ico gisata azoba afise ikiringo amara, hisunzwe ibikorwa be n'uburyo bizoba bihari.

Inama nshikiranganji imaze guca hirya no hino iyo nteguho, **yarayemeje**.

9. Integuro y'itegeko rishinga imirimo rikongera rigatunganya umurwi mpanuzwajambo ku vyerekeye abanyamahanga n'impunzi ziza mu Burundi na komite y'iyungururizo, yashikirijwe n'Umushikiranganji ajejwe intwari yo hagati mu gihugu, iterambere rusangi n'umutekano.

Umurwi mpanuzwajambo ku vyerekeye abanyamahanga washizweho ubwa mbere n'itegeko-bwirizwa n°1/007 ryo ku wa 20 Ntwarante 1989 rishinga amategeko yerekeye ingene abanyamahanga bashika mu Burundi, ingene bahacumbika, ingene bahaba n'ingene bigizwa kure y'imbibe z'igihugu baje bavamwo.

Uwo murwi wacye ugenwa n'itegeko nshikiranganji n°540/443 ryo ku wa 07 Ndamukiza 2009 rishira mu ngiro ibwirizwa n°1/32 ryo ku wa 13 Munyonyo 2008 ryerekeye gutanga ubuhungiro n'ugukingira impunzi mu Burundi.

Harabonetse ukuvuguruzanya kw'itegeko-bwirizwa n°1/007 ryo ku wa 20 Ntwarante 1989 rishinga amategeko yerekeye ingene abanyamahanga bashika mu Burundi, ingene bahacumbika, ingene bahaba n'ingene bigizwa kure y'imbibe z'igihugu baje bavamwo, n'ibwirizwa n°1/32 ryo ku wa 13 Munyonyo 2008 ryerekeye gutanga ubuhungiro n'ugukingira impunzi mu Burundi, kuvyerekeye ishingwa ry'umugwi mpanuzwajambo ujejwe gutunganiriza impunzi n'abanyamahanga.

Ibwirizwa rishasha ritunganya uruja n'uruza ndengambibe mu Burundi ryaratoreye umuti ico kibazo, kuko ubu niryo ryonyene riraba ibijanye n'impunzi ziza mu Burundi, abanyamahanga batagira ubwenegihugu, n'uruja n'uruza ndengambibe.

Iryo bwirizwa riratomora ko uwo murwi mpanuzwajambo ku vyerekeye abanyamahanga n'impunzi ziza mu Burundi na komite y'iyungururizo utunganywa n'itegeko ry'Umukuru w'igihugu.

Iyi nteguro irerekena ingene umuntu aronswa uburenganzira bwo kuba mu Burundi, kuba impunzu, kutagira ubwenegihugu, ingene ubwo burenganzira bwongerwa n'ingene bushora gutakazwa, ingene umuntu yirukanwa ku butaka bw'Uburundi, n'ibindi.

Inama nshikiranganji imaze guca hirya no hino iyo nteguro, **yarayemeje**.

10. Utuntu n'utundi

Nyenicubahiro Umukuru w'Igihugu yasavye abashikiranganji kwitegurira uburyo bushasha buzokoresha mw'itunganywa ry'amahera Reta izokoresha mu mwaka w'2022 ushira uwa 2023.

Hariho umurwi wo mu bushikiranganji bw'ikigega ca Reta uzofashanya n'abandi bahinga mu kwigisha ubwo buryo bushasha gushika mu ma komine, kugirango bafashe abajejwe ikoresha ry'amahera kubumenya neza.

Bigiriwe i Bujumbura, igenekerezo rya 21
Ndamukiza 2022

Umunyamabanga Mukuru wa Reta akaba
n'Umuvugizi wayo

Prosper NTAHORWAMIYE